

D+S
M

Léson Sajès
Mt 11,25-20
14^e d. o. A

Musique: 10-11-1993 S. Léon le Grand

Paroles: 06-07-2008 Ste Maria Goretti

**R. Vi-n koté mouin, nou tout
K-ap rédi, plouayé anba chaj,
Sé mouin minm k-ap fè-n jouinn
Yon koté pou nou répozé ;
Vi-n koté mouin, nou tout
K-ap rédi, plouayé anba chaj,
Aprann léson nan min-m :
Mouin tou dou, mouin pòv anndan kè-m.**

Mt 11,28-29

1. Konpliman pou ou, Papa, Mt 11,25-30
Granmèt sièl la ak tè-a,
Ou kaché bagay sa yo
Pou saj ak intélijan,
Ou révéle yo poutan
Bay moun yo ki tou piti,
Paské sé fason sa-a minm
Sa sèvi plézi dévan-ou.
2. Tout bagay ki égzisté,
Papa-a rinmèt yo nan min-m ;
Pèsòn pa konn Pitit la
Si sé pa Papa-a li minm,
Ni pèsòn pa konn Papa-a,
Si sé pa Pitit la minm,
Ak sa Pitit la li minm
T-a vlé révéle-l ba li.
3. Nou k-ap rédi, k-ap plouayé,
Vini, m-ap fè-n répozé ;
Pran jouk mouin, mété-l sou nou,
Aprann bon léson nan min-m :
Mouin tou dou, mouin pòv nan kè,
N-a jouinn répo pou nam nou ;
Jouk mouin fasil pou poté,
Chaj mouin-an, li tou léjé.
4. Fè kè-ou kontan, Fi Siyon ; Za 9,9-10
Rélé, Fi Jérusalèm ;
Min Roua-ou la ap vi-n koté-ou,
Li kòrèk, li sé Sovè ;
Li tou dou sou ti bourik,
L-ap ouété tout zam lagè ;
Sé lapè l-ap déklaré
Antan-l chèf sou tout péyi.
5. Granmèt la sé kè sansib, Ps 145,8.13b-14
Li pran pitié pou tout moun,
Li difisil pou-l faché,
Li plin rinmin anndan kè-l ;
Li vré nan tou sa li di,
Li fidèl nan tou sa-l fè,
Li kinbé sa k-ap tonbé,
Li drésé sa ki krazé.

6. Granmèt, kè mouin pa lèvé, Ps 131,1-2
Jé-m pa gadé nan rotè,
Mouin pa maché nan grandè
Ni nan mèvèy ki anlè-m ;
Mouin rabésé mouin byin ba,
Min mouin lèvé nanm mouin ro,
Tankou yon ti moun piti
Ki répozé sou manman-l.
7. Kontantman pou sa ki pòv, Mt 5,3-10
Péyi Roua Sièl yo pou yo ;
Kontantman pou sa ki dou,
Éritaj tè-a pou yo ;
Kontantman pou sa-k kriyé,
Y-ap jouinn bon konsolasion ;
Kontantman pou sa-k vlé sin,
Y-ap jouinn tout satisfaksion.
8. Kontantman pou sa-k sansib,
Y-ap jouinn yo sansib pou yo ;
Kontantman pou kè ki nèt,
Sé yo minm k-ap ouè Bondié ;
Kontantman pou anj lapè,
Y-ap gin non Pitit Bondié ;
Kontantman pou sa-k nan tray,
Péyi Roua sièl yo pou yo.